



NÒT POU LAPRÈS

SANT PEN AYITI

Eskalad vyolans nasyon an ap viv jounen jodi a lage yon tranchman vant nan mitan popilasyon an. Sant PEN Ayiti, ki se yon kominote fanm ak gason ki gen plim yo kòm zouti travay, makonnen vwa l ak vwa tout òganizasyon, asosyasyon, regroupman k ap batay pou dwa moun ak libète lapawol tabli nan peyi a. Zak asasinay yo fè sou jounalis Pétion Rospide, nan lendi swa 10 jen an, se yon lòt kou anba biskèt yo pote sou medya yo e sou dwa tout moun genyen pou yo bay limyè sou sa k ap pase. Espektak makab yon polisye k ap kraze a kout wòch yon moun ki deja atè, tankou kout zam ki tire dirèk nan lestomak pèp la ak masminay sovaj, bagay sa yo revolte nou e nou di yo paka kontinye.

Nou makonnen vwa nou ak vwa yon pèp ki about e ki vle fè tande mekontantman li. Ke gwo otorite nan Polis Nasyonal dAyiti yo pran gwo sanksyon kont polisye ki responsab zak vyolans sa yo. Ke Polis Nasyonal dAyiti jwe wòl li ki se pwoteje ak sèvi, pou yo pa vin aktè nan yon epizod makab ke Listwa pap janm blye.

Sant PEN Ayiti prezante senpati ak solidarite bay paran ak zanmi jounalis Pétion Rospide e ak tout viktim, nan sosyete sivil la tankou nan mitan lapolis yo, ki tonbe pandan yap defann diyite yo ak rèv yo pou yon demen miyò.

Pòtòprens, madi 11 jen, 2019

Kettly Mars

Prezidant

Sant PEN Ayiti